



American  
Heart  
Association.

## Fich Enfòmasyon Estatistik Pèsonalize 2026 sou Maladi Kè ak Estwòk - Gason ak Maladi Kadyovaskilè Ozetazini

### Maladi Kadyovaskilè (CVD) (ICD-10 I00 jiska I99)

- Selon done 2021 jiska 2023 yo, pami adilt ki gen 20 lane ak plis yo, 48.9% nan tout adilt Etazini yo, 63.0% nan gason Nwa (NH) ki pa Ispanik yo, ak 59.5% fanm Nwa NH yo te fè CVD, ki gen ladan maladi kè kowonaryen (CHD), ensifizans kadyak (HF), estwòk, ak tansyon wo.
- Nan lane 2023 pami tout laj yo, CVD te lakòz lanmò 63 120 gason Nwa NH, 56 771 fanm Nwa NH yo.
- Nan lane 2023, to mòtalite ki ajiste selon laj pou CVD kòm kòz alabaz lanmò yo se te 218.3 sou chak 100 000 pou tout gason Etazini yo, 360.1 pou fanm Nwa NH yo, epi 236.5 pou fanm Nwa NH yo.

### Maladi Kè Kowonaryen (CHD) (ICD-10 I20 jiska I25 [gen ladan Enfaktis Myokad (MI) ICD-10 I21 jiska I22])

- Selon done 2021 jiska 2023 yo, nan gason ki gen 20 lane ak plis yo, 5.2% nan tout adilt Etazini yo, 5.0% gason Nwa NH, ak 2.8% nan fanm Nwa NH yo te fè CHD.
- Selon done 2021 jiska 2023 yo, pami adilt ki gen 20 lane ak plis yo, 2.6% nan tout adilt Etazini yo, 3.2% gason Nwa NH, ak 2.2% nan fanm Nwa NH yo te fè yon MI.
- Nan lane 2023 pami tout laj yo, CHD te lakòz lanmò 23 446 gason Nwa NH epi 17 009 fanm Nwa NH yo.
- Nan lane 2023, to mòtalite ki ajiste selon laj pou CHD kòm kòz alabaz lanmò yo te 82.2 sou chak 100 000 pou tout moun Etazini yo, 131.5 pou chak 100 000 pou gason Nwa NH yo, epi 70.0 pou chak 100 000 pou fanm Nwa NH yo.
- Nan lane 2023 pami tout laj yo, MI te lakòz lanmò 6145 gason Nwa NH epi 4665 fanm Nwa NH yo. Nan lane 2023, to mòtalite ki ajiste selon laj pou MI kòm kòz alabaz lanmò yo te 21.9 sou chak 100 000 pou tout moun Etazini yo, 34.1 pou chak 100 000 pou gason Nwa NH yo, epi 19.0 pou chak 100 000 pou fanm Nwa NH yo.

### Estwòk (ICD-10 I60 jiska I69)

- Selon done 2021 jiska 2023 yo, pami adilt ki gen 20 lane ak plis yo, 3.0% nan tout adilt Etazini yo, 3.9% gason Nwa NH, ak 4.7% nan fanm Nwa NH yo te fè yon estwòk.
- Nan lane 2023 pami tout laj yo, estwòk te lakòz lanmò 10 246 gason Nwa NH epi 12 101 fanm Nwa NH yo.
- Nan lane 2023, to mòtalite ki ajiste selon laj pou estwòk kòm kòz alabaz lanmò te 39.0 sou chak 100 000 pou tout moun Etazini yo, 61.2 pou chak 100 000 pou gason Nwa NH yo, epi 51.0 pou chak 100 000 pou fanm Nwa NH yo.

### **Arè Kè Toudenkou (SCA) (ICD-10 I46.0, I46.1, I46.9, I49.0)**

- Nan lane 2023, 1771 gason Nwa NH yo epi 1532 fanm Nwa NH te mouri akòz yon kòz alabaz pou SCA.
- To mòtalite ki ajiste selon laj pou SCA kòm kòz alabaz lanmò yo se te 4.3 sou chak 100 000 pou tout moun Etazini yo, 9.8 pou chak 100 000 pou gason Nwa NH yo, epi 6.3 pou chak 100 000 pou fanm Nwa NH yo.
- Nan lane 2023, 28 106 gason Nwa NH yo epi 26 733 fanm Nwa NH te mouri avèk nenpòt masyon SCA sou sètifika lanmò a.
- To mòtalite ki ajiste selon laj pou SCA yo te 90.2 sou chak 100 000 pou tout moun Etazini yo, 158.7 pou chak 100 000 pou gason Nwa NH yo, epi 109.8 pou chak 100 000 pou fanm Nwa NH yo.

### **Ensifizans Kadyak (HF) (ICD-10 I50)**

- Atravè itilizasyon done 2021 jiska 2023 yo, nan gason ki gen 20 lane ak plis yo Etazini, 2.5% nan tout adilt Etazini yo, 3.6% gason Nwa NH yo, ak 3.5% nan fanm Nwa NH yo.
- Nan lane 2023, 5207 gason Nwa NH yo epi 5250 fanm Nwa NH te mouri akòz yon kòz alabaz pou HF.
- To mòtalite ki ajiste selon laj pou HF kòm kòz alabaz lanmò yo te 21.6 sou chak 100 000 pou tout moun Etazini yo, 31.9 pou chak 100 000 pou gason Nwa NH yo, epi 22.1 pou chak 100 000 pou fanm Nwa NH yo.
- Nan lane 2023, 23 058 gason Nwa NH yo epi 23 001 fanm Nwa NH te mouri avèk nenpòt masyon HF sou sètifika lanmò a.
- To mòtalite ki ajiste selon laj pou HF yo te 99.6 sou chak 100 000 pou tout moun Etazini yo, 139.1 pou chak 100 000 pou gason Nwa NH yo, epi 95.9 pou chak 100 000 pou fanm Nwa NH yo.

### **Tansyon Wo (HBP) (ICD-10 I10 rive I15)**

- Selon done soti 2021 jiska 2023 yo, pami adilt ki gen 20 lane ak plis yo, 47.3% nan tout adilt Etazini yo, 62.3% nan tout gason Nwa NH yo, ak 59.2% nan fanm Nwa NH yo te fè HBP (ki defini kòm presyon sistolik 130 mm Hg oswa pi wo oswa presyon dyastolik 80 mm Hg oswa pi wo oswa ap pran medikaman anti-ipètansif oswa yon medsen oswa lòt pwofesyonèl te di w ou fè HBP).
- Nan lane 2023 pami tout laj yo, HBP te lakòz lanmò 11 549 gason Nwa NH epi 10 689 fanm Nwa NH.
- Nan lane 2023, to mòtalite ki ajiste selon laj pou HBP kòm kòz alabaz lanmò yo te 31.9 sou chak 100 000 pou tout moun Etazini yo, 65.0 pou chak 100 000 pou gason Nwa NH yo, epi 44.7 pou chak 100 000 pou fanm Nwa NH yo.

### **Kolestewòl Elve nan San ak Lòt Lipid**

- Selon done 2021 jiska 2023 yo, pami timoun ki gen 6 jiska 11 lane yo, total mwayèn pou nivo kolestewòl la te 158.3 mg/dL. Pami timoun Nwa NH ki gen 6 jiska 11 lane yo, total mwayèn pou nivo kolestewòl la te 162.4 mg/dL pou gason epi 151.2 mg/dL pou fanm.
- Selon done 2021 jiska 2023 yo, pami timoun ki gen 12 jiska 19 lane yo, total mwayèn pou nivo kolestewòl nan san an te 154.8 mg/dL. Pou adolesan Nwa NH yo, total kolestewòl mwayèn nan te 145.1 pou gason epi 163.1 mg/dL pou fanm.

- Pami adilt ki gen 20 lane ak plis yo nan lane 2021 jiska 2023:
  - 36.1% nan tout adilt Etazini yo, 32.0% gason Nwa NH, epi 24.9% fanm Nwa NH yo te gen nivo kolestewòl nan san ki egal ak 200 mg/dL oswa plis.
  - 11.3% nan tout adilt Etazini yo, 10.2% gason Nwa NH, epi 5.7% fanm Nwa NH yo te gen nivo kolestewòl nan san ki egal ak 240 mg/dL oswa plis.
  - 14.1% nan tout adilt Etazini yo, 19.4% gason Nwa NH, epi 4.4% fanm Nwa NH yo te gen lipopwoteyin dansite elve (HDL) ki mwens pase 40 mg/dL.
- Pami adilt ki gen 20 lane ak plis yo nan lane 2021 jiska 2023:
  - 25.5% nan tout adilt Etazini yo, 26.4% gason Nwa NH, epi 22.5% fanm Nwa NH yo te gen lipopwoteyin dansite elve (LDL) ki mwens pase 130 mg/dL.

### Konsomasyon ak Ekspozisyon nan Tabak ak Nikotin

- Selon done 2021 yo sou tout adilt Etazini ki gen 18 lane oswa plis yo, adilt Azyatik NH (5.4%) ak Ispanik (7.7%) te gen mwens chans pou deklare yo fimen chak jou oswa kèk jou pase Nwa NH yo (11.7%) epi adilt Blan NH yo (11.7%).
- Selon done Etazini apati ane 2022 a, konsomasyon pwodui tabak pandan tout lavi a pami adilt  $\geq 18$  lane yo te pi wo lakay Endyen Ameriken oswa adilt Natif Natal Alaska yo (70.5%) ak adilt Blan NH yo (69.5%) ki suiv pa adilt Ispanik oswa Latino yo (51.8%), Nwa NH (50.8%), ak adilt Azyatik NH yo (34.9%).
- Nan lane 2024 pami elèv lekòl twazyèm sik ak lekòl segondè Etazini yo, prevalans konsomasyon pwodui tabak nan mwa pase a te 16.3% lakay jèn Endyen Ameriken oswa Natif Natal Alaska yo, 10.0% lakay jèn Nwa NH yo, 9.0% lakay jèn plizyè ras NH yo, 8.4% lakay jèn Ispanik yo, epi 7.8% lakay jèn Blan NH yo.
- Nan lane 2022, konsomasyon pwodui tabak pandan tout lavi a pami adolesan Etazini ki gen 12 jiska 17 lane yo te pi wo lakay Endyen Ameriken oswa adilt Natif Natal Alaska NH yo (17.7%), ki te suiv pa ak adolesan Blan yo (10.0%), Ispanik oswa Latino yo (8.0%), Nwa NH (7.5%), ak adolesan Azyatik NH yo (2.2%).
- Pandan lane 2017 jiska 2018, pousantaj popilasyon Etazini ki pa fimen yo ki gen kotinin serik detektab (ki endike ekspozisyon nan lafimen moun k ap fimen yo) te pi wo pou moun Nwa NH yo (48.0%) pase pou moun Blan NH yo (22.0%) ak moun Meksiken Ameriken yo (16.6%).

### Aktivite Fizik

- Nan lane 2022 ak 2023, pousantaj jèn ki gen 0 jiska 17 lane nan tout peyi a ki pase  $\geq 4$  h/d devan yon televizyon, òdinatè, telefòn pòtab, oswa lòt aparèy elektwonik k ap gade pwogram, k ap jwe jwèt, ki sou entènèt, oswa k ap itilize rezo sosyal yo (pa gen ladan travay lekòl) nan pifò jou lasemèn yo te 21.5%. Li te 31.0% pou timoun Nwa NH yo, sa ki pi wo nan tout ras ak gwoup etnik yo.
- Gid sou Aktivite Fizik pou Ameriken yo rekòmande pou timoun ak adolesan yo akimile omwen 60 minit aktivite fizik chak jou, ki gen ladan aktivite ayewobik ak aktivite misk-ak aktivite pou ranfòsman zo. Selon done 2022 ak 2023 yo, pousantaj tout jèn yo nan tout peyi a, 6 jiska 17 lane, ki te aktif pandan  $\geq 60$  minit chak jou nan semèn nan te 19.5%. Pami jèn Nwa NH ki gen 6 jiska 17 lane yo, 18.1% te aktif pandan  $\geq 60$  minit chak jou nan semèn nan.
- Selon done 2021 jiska 2023 yo, pousantaj adolesan Etazini ki gen 12 jiska 17 lane ki te angaje nan fòmasyon fòs pifò nan jounen an oswa chak jou nan semèn nan te 35.8% pou tout adolesan yo epi 30.6% pou adolesan Nwa NH yo.

### Twòp Pwa oswa Obèz

- Done sou obezite pou lane 2021 jiska 2023 yo enkli nan mizajou sou Estatistik 2026 la, men done poko rive konpile selon ras ak etnisite nan etid piblik yo pandan n ap ekri Mizajou sou Estatistik 2026 la.

### Dyabèt (ICD-10 E10 jiska E14)

- Pami jèn Etazini yo ki gen <20 lane nan done 2002 jiska 2018 yo, to ensidans (pou chak 100 000 nan tip dyabèt yo te 22.1 pou jèn Nwa yo, parapò ak 7.8 pou jèn Endyen Ameriken yo, 9.4 pou jèn Azyatik oswa Abitan Zile Pasitik yo, 17.7 pou jèn Ispanik yo, epi 26.4 pou jèn Blan yo.
- Pami jèn Etazini yo ki gen <20 lane nan done 2002 jiska 2018 yo, to ensidans (pou chak 100 000 nan dyabèt tip 2 yo te 50.1 pou jèn Nwa yo, parapò ak 46.0 pou jèn Endyen Ameriken yo, 16.6 pou jèn Azyatik oswa Abitan Zile Pasitik yo, 25.8 pou jèn Ispanik yo, epi 5.2 pou jèn Blan yo.
- Pami adilt ki gen 20 lane ak plis yo ant lane 2021 ak 2023:
  - 10.6% nan tout adilt Etazini yo, 17.9% gason Nwa NH yo, epi 16.7% fanm Nwa NH yo te gen dyabèt ke medsen te dyagnostike.
  - 3.5% nan tout adilt Etazini yo, 5.4% gason Nwa NH yo, epi 5.3% fanm Nwa NH yo te gen dyabèt ki pa dyagnostike.
  - 37.2% nan tout adilt Etazini yo, 35.2% gason Nwa NH yo, epi 23.1% fanm Nwa NH yo te fè predyabèt.
- Nan lane 2023, dyabèt te lakòz lanmò 8799 gason Nwa NH epi 7893 fanm Nwa NH.
- Nan lane 2023, to mòtalite ki ajiste selon laj pou dyabèt kòm kòz alabaz lanmò yo te 22.4 sou chak 100 000 pou tout moun Etazini yo, 48.3 pou chak 100 000 pou gason Nwa NH yo, epi 32.1 pou chak 100 000 pou fanm Nwa NH yo.

Ou kapab telechaje fich enfòmasyon, enfografi, ak piblikasyon mizajou sou estatistik aktyèl/pase sou:

[Heart and Stroke Association Statistics | American Heart Association](#) (Sit entènèt an Anglè).

Anpil estatistik ki nan fich enfòmasyon sa a soti nan tablo ki pa pibliye ki konpile pou dokiman sou Mizajou Estatistik la e yo kapab site yo apati dokiman ki endike anba a. Sous done ki itilize pou tablo yo endike nan tout dokiman an. Anplis, kèk estatistik soti nan etid ki pibliye yo. Si w ap site nenpòt nan estatistik ki nan fich enfòmasyon sa a, tanpri revize tout dokiman Estatistik sou Maladi Kè ak Konjesyon serebral pou detèmine sous done yo ak sitiwayon orijinal yo.

American Heart Association an mande pou site dokiman sa a jan sa a konsa:

Palaniappan LP, Allen NB, Almarzooq ZI, Anderson CAM, Arora P, Avery CL, Baker-Smith CM, Bansal N, Currie ME, Earlie RS, Fan W, Fetterman JL, Barone Gibbs B, Heard DG, Hiremath S, Hong H, Hyacinth HI, Ibeh C, Jiang T, Johansen MC, Kazi DS, Ko D, Kwan TW, Leppert MH, Li Y, Magnani JW, Martin KA, Martin SS, Michos ED, Mussolino ME, Ogungbe O, Parikh NI, Perez MV, Perman SM, Sarraju A, Shah NS, Springer MV, St-Onge M-P, Thacker EL, Tierney S, Urbut SM, Van Spall HGC, Voeks JH, Whelton SP, Wong SS, Zhao J, Khan SS; nan non Konsèy American Heart Association an sou Komite Estatistik Epidemyoloji ak Prevansyon an ak Komite Estatistik sou Estwòk la. Estatistik sou maladi kè ak konjesyon serebral nan lane 2026: yon rapò sou done Etazini ak mondyal American Heart Association. *Sikilasyon*. Pibliye anliy nan dat 21 Janvyè 2026.

Tanpri voye tout demann enfòmasyon medya yo bay News Media Relations nan

<http://newsroom.heart.org/newsmedia/contacts> (Sit entènèt an Anglè).